

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

- 1) Analisis struktur *Wawacan Simbar Kancana* katitén tina struktur formal jeung struktur naratif.
 - a) Struktur formal *Wawacan Simbar Kancana* dumasar tiori Hermansoemantri ngawengku guru lagu jeung guru wilangan, watek/karakter pupuh, jeung sasmita pupuh. Pupuh nu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nya éta pupuh maskumambang jeung pupuh wirangrong. Sedengkeun pupuh nu teu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nya éta pupuh asmarandana, pupuh dangdanggula, pupuh kinanti, pupuh mijil, jeung pupuh sinom. Analisis watek pupuh dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta: (1) asmarandana watekna ngagambarkeun kanyaah, (2) pupuh dangdanggula ngagambarkeun watek bungah, (3) pupuh kinanti ngagambarkeun kaayaan nu keur nganti-nganti, (4) pupuh maskumambang ngagambarkeun watek sedih, (5) pupuh mijil ngagambarkeun watek sedih jeung baluweng, (6) pupuh sinom ngagambarkeun watek bungah jeung asmara, jeung (7) pupuh wirangrong ngagambarkeun kaayaan sial. Sasmita pupuh nu kapanggih dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta ‘pangbakti’ dina pupuh kinanti, kecap ‘dipiasih’ jeung ‘nyaah’ dina pupuh asmarandana, jeung kecap ‘kumambang’ aya dina pupuh maskumambang.
 - b) Struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana* maké téori analisis Christomy nu ngawengku galur carita, motif carita, tokoh carita, latar carita, jeung téma carita. Galur carita dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta galur campuran jeung miboga sapuluh épisode. Motif carita dina *Wawacan Simbar Kancana* ngawengku motif wasiat, lalampahan, ngimpi, balas dendam, nikah, pipisahan, jeung motif néangan obat. Tokoh dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta Simbar

Kancana, Raja Talaga Manggung, Radén Panglurah, Ajar Kutamangu, Ajar Garasiang, jeung Palémbang Gunung. Latar carita dina *Simbar Kancana* ngawengku latar tempat, waktu, jeung kaayaan. Latar tempat aya di jero wewengkon karaton (karajaan Talaga, karaton, jeung pandopo) jeung di luar wewengkon karaton (gunung Bitung, gunung Ciremay, huma, leuweung, jeung situ Sanghiang). Latar waktu ngawengku waktu sapoé sapeuting (isuk, beurang, lohor ahir, sareupna, peuting, tengah wengi), waktu dumasar kana lilana (sapeuting, opat poé, opat minggu, leuwih saminggu, jrrd), jeung sesebutan waktu séjénna (ayeuna, baheula, engké, isukan, jeung tadi). Latar kaayaan dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta kaayaan haté nu keur bungah, sedih, ambek, ramé, tiiseun, jrrd. Tema carita dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta bajoang.

- 2) Analisis unsur budaya dumasar tiori Koentjaraningrat dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta sistem kapercayaan (réligi) jeung upacara kaagamaan, sistem kamasarakatan/organisasi sosial, sistem élmu pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban, jeung sistem téknologi.
 - a) Sistem kapercayaan (réligi) dina *Wawacan Simbar Kancana* ayana istilah-istilah kaagamaan Islam, ayana kapercayaan kana mahluk goib, jeung ayana adat kabiasaan nu patali jeung siklus kahirupan jeung kagiatan kahirupan.
 - b) Organisasi kamasarakatan/organisasi sosial dina *Wawacan Simbar Kancana* patali jeung lingkungan kulawarga, lingkungan karajaan, jeung lingkungan masarakat. Di lingkungan kulawarga aya pancakaki karajaan Talaga. Di lingkungan karajaan aya ngaran pangkat di golongan karajaan (dipati, juru simpen, narpati, pangéran, perbu, jrrd). Di lingkungan masarakat aya ngaran pangkat golongan (dukun, kiai, ménak, jeung paraji).
 - c) Élmu pangaweruh nu kapanggih dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta: (1) élmu pangaweruh ngeunaan alam (angin, bumi, langit, méga, situ, jrrd), (2) tutuwuhan nu ngawengku hasil tatanén (bonténg, cabé, hiris, kacang roay, kukuk, paria, jeung samangka), bagéan tutuwuhan

(canir, daun, kembang, jeung pucuk), jeung ngaran tangkal (hoé), (3) sasatoan nu ngawengku sato ingu (anjing, kuda), sato galak (badak, maung, oray), sato leuweung (banténg, kidang, lembu, majangan, manuk, uncal), (4) élmu béntang nya éta ayana élmu palintangan, (5) warna nya éta ayana warna beureum, (6) bagéan awak manusa nu ngawengku bagian sirah manusa (mata jeung pameunteu), bagéan awak manusa (awak/badan, dada, haté, pinareup, angen), jeung bagéan leungeun manusa nya éta aya ramo, (7) kecap sesebutan bilangan nu nuduhkeun jumlah (hiji, dua, tilu, opt puluh hiji, manglawé-lawé, ratusan, jeung rébuan) jeung nuduhkeun tingkatan (kahiji, kadua, jeung tujuh turunan), (8) ngaran panyakit nya éta ayana panyakit borok.

- d) Basa nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta basa Sunda, jeung basa Indonesia. Lian ti basa, dina *Wawacan Simbar Kancana* kapanggih ogé gaya basa (gaya basa babandingan, gaya basa kaleuleuwihan, jeung gaya basa mijalma) jeung babasan paribasa Sunda.
 - e) Kasenian nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta seni sastra jeung seni musik.
 - f) Pakasaban nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana* nya éta patani.
 - g) Téknologi nu aya dina *Wawacan Simbar Kancana* ngawengku: (1) pakarang (cis, gegendir, lempar, patrem, pedang, taméng, jeung tumbak), (2) wadah/pancarakan (boboko, kélé, jeung undem), (3) alat-alat transportasi (kuda jeung tandu), (4) tempat diuk (samak), (5) ngaran wates pakarang (pager).
- 3) Analisis étnopédagogik dina *Wawacan Simbar Kancana* ngawengku pengkuh agamana, luhung élmana, jembar budayana, jeung rancagé gawéna.
- a) Pengkuh agamana matok kana moral manusa ka pangéranna némbongkeun taatna Simbar kancana ka pangéranna.
 - b) Luhung élmana matok kana moral manusa kana waktu. Dina *Wawacan Simbar Kancana* aya pangaweruh ngeunaan élmu palintangan.

- c) Jembar budayana museur kana moral manusa ka dirina (pribadi) jeung moral manusa ka manusa séjénna. Moral manusa ka dirina jeung moral manusa ka jalma séjén aya dina watek tokoh Raja Talaga Manggung nu jembar ku budaya lantaran Raja Talaga Manggung miboga adat kabiasaan nu sok dipilampah saacan tapa di gunung Bitung nya éta néangan waktu nu hadé pikeun indit tapa, Radén panglurah dititah beberesih heula saperti mandi jeung kuramas, jeung anu pamungkas
- d) Rancagé gawéna museur kana moral manusa dina ngahontal lahir jeung batin. Sikep rancagé gawéna katitén tina paripolah Raja Talaga Manggung nu teu sagawayah dina nangtukeun hiji kagiatan saperti nangtukeun waktu pikeun inditna Radén Panglurah tapa di gunung Bitung. Radén Panglurah némbongkeun rancagé gawéna nalika daék tapa di gunung Bitung. Kagiatan rancagé gawéna ogé dipilampah ku Simbar Kancana jeung Ajar Garasiang nalika Simbar Kancana ngayakkeun sayembara pikeun ngubaran panyakitna.

5.2 Saran

Sabada nalungtik *Wawacan Simbar Kancana* karasa loba pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Di sagigireun ngaguar sastra Sunda nu aya di wewengkon Majalengka, bisa nambahan élmu pangaweruh kana widang budaya jeung étnopédagogik. Sangkan ajén kamangpaatan tina *Wawacan Simbar Kancana* karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran, nya éta:

- 1) *Pikeun pihak lembaga pendidikan*, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Sabab di jerona leubeut ku ajén-inajén pendidikan hususna ajén budaya jeung étnopédagogik;
- 2) *Pikeun pihak masarakat*, *Wawacan Simbar Kancana* mangrupa tradisi tinulis jeung sumebar di wewengkon Majalengka. Ku kituna, ieu *Wawacan Simbar Kancana* kudu dipikawanoh ku sakumna masarakat Kabupaten Majalengka hususna, umumna sakabéh masarakat di Indonesia;

- 3) *Pikeun lembaga panalungtikan*, panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh kénéh tina kasampurnaan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Wawacan Simbar Kancana* kudu dituluykeun deui. Widang garapanana leuwih dihususkeun deui sangkan leuwih écés dina ngahartikeunna.